***Мәйит ҳәм жерлеўге тийисли пәтўалар***

Қәбиристанға жерлеў мәресимине барғанлар табыт ийинлеринен жерге қойылмағанша отырыў мәкриў саналады. Егер қәбирге топырақ тартылғанша отырмай, тик турса жәнe де жақсы болады.

***«Мухтасар», «Оламгирия», «Муҳит»***

Мәйитке жаназа намазын оқыў парызы кипая есапланады. Жума, ҳайыт намазларында қатнасыўшылар саны шәрт қылынған жәмәәт жаназа намазында шәрт емес. Бирақ, жәмәәт қанша көп жыйналса, сонша жақсы.

***«Оламгирия», «Ниҳоя», «Татархония»***

Мәйит өлими алдына жаназамды пәленше оқысын, деп ўәсият қылған болса, бул ўәсияты шәрий есапланбағаны ушын оны орынлаў шәрт болмайды.

***«Оламгирия», «Музмарот»***

**Түсиник:**

Бирақ, мәйиттиң ийелери сол ўәсият етилген адаманың имамлық қылыўына разы болса ҳәм басқа тәрептен де қарсылық болмаса, жаназаға өтиў мүмкин. Намазшам пайытында жаназа таяр болып қалса, намазшамның парызынан кейин жаназа оқылады. Оннан соң намазшамның сүннети оқылады.

***«Оламгирия», «Қуня»***

Жаназа намазының нийетин кеўилге алып, және тил менен айтса, басқа намазлардағы сыяқлы жақсы. Бирақ, асығыс ўақытта имамның жаназа ҳаққында ойлап қойыўы ҳәм уйыўшылардың «имамға уйдым», деўи жеткиликли болады.

***«Оламгирия», «Музмарот»***

Бизиң ҳанафий мәзҳабымыз бойынша, жаназа намазында Фатиҳа сүреси оқылмайды. Набада оқылғанда да, қирәәт нийети менен емес, сәне нийети менен оқылады. Және жаназа намазы төрт тәкбириниң ҳәммесинде қол көтермеймиз. Ал, тек биринши тәкбирде ғана қол көтеремиз.

***«Оламгирия», «Муҳит», «Шарҳи Канз»***

**Түсиник:**

*Тәкбирлерди айтып атырған ўақытта айырым адамлар басын аспанға бир рет көтерип қойыў бидъат ислерден есапланады.*

Мәйитлер көп болса, имам ықтыярлы есапланады, қәлесе, ҳәр бирине өз алдына жаназа оқыйды ямаса ҳәммесине бир нийет пенен бир рет жаназа намазын оқыйды. Мәйитлер имамның алдынан баслап, дәслеп үлкен жаслы ер адамлар, олардың изинен нәресте ул балалар, соң ҳаяллар қойылады. Егер ҳәммеси бир жыныстан болса, жасы үлкени ямаса илимлисинен баслап қойылады.

***«Оламгирия», «Меърож», «Фатҳул-Қадир»***

Егер мәййит жаназасыз ямаса жуўылмай көмилген болса, айырым уламалар үш күнге шекем, деген, бирақ неше күн өткен болыўының әҳмийети жоқ, денеси айнып, ирип басламағанына үмит болса, қәбир ашылып, мәййит шығарылады ҳәм жуўылмаған болса, жуўылып, жаназасы оқылады ҳәм қайта жереленеди.

***«Оламгирия», «Сирожия»***

Мәйитти жерлеў де парызы кипая есапланады. Қәбир ләҳәт түринде қазылыўы сүннет есапланады. Яғный, еки метр әтирапында терең қазып түсилгеннен кейин, қубла тәрептен мәййит ушын өз алдына орын таярланады. Оның тереңлиги көкирек әтирапында болыўы керек. Егер оннан тереңирек болса, және де жақсы. Ени ярым қулаш яғный бир метрге жақын болыўы лазым.

***«Ола магирия», «Муҳит», «Жавҳара», «Музмарот»***

Егер қәбир ләҳәт көринисинде қазыўға жердиң жумсақлығы ямаса қумлы топырақлығы себепли мүмкиншилиги болмаса, «жарма» көринисинде, яғный жарма гөр қазып, жерлеў де мүмкин. Бунда жап қазғандай етип жер ашылады ҳәм еки қапталы қам гербишлер менен өрип шығылады. Мәйит қойылғаннан кейин, үстине тиймейтуғын етип ағаш, тахта яки шақа-қадалардан «пәтик» жасап, үстине топырақ тартылады.

***«Оламгирия», «Меърож»***

Шайх Әбиў Бакр Муҳаммад ибн Фазлдың (раҳимаҳуллаҳ) берген пәтўасы бойынша, айырым жумсақ топырақлы жерлерде ләқәт яки жарма қәбир қазыўдың имканияты болмағаны ушын неден болса да табыт (қуты, сандық) жасап, мәййитти оған салып көмиў мүмкин. Егер темирден жасалса, оның ишине дәслеп топырақ төселеди, үстине бөлеги жарма қәбирдиң үсти сыяқлы жаўып, сыбап қойылады. Мәйиттиң оң ҳәм шеп тәреплерине қам гербиш өриледи. Солай исленсе, ләҳәтке уқсатып өрилген болады. Ләҳәтке пискен гербиш пайдаланыў мәкириў есапланады.

***«Оламгирия», «Қозихон»***

Ҳаял адамның денесин ләҳәтке қойыўға басқаларға қарағанда, оның мәҳремлери ҳақылырақ ҳәм жақсырақ. Олардан кейин мәҳрем болмаған ағайинлери жақсырақ. Егер олардан ҳеш ким болмаса ямаса қойыўды еплей алмаса, басқалар қойыўы мүмкин болады. Ҳаяллар қәбирге түсирилмейди.

***«Оламгирия», «Ал-Баҳрур-роиқ», «Муҳит»***

Қәбир жерден бир қарыс бийик етип көтерип қойылады. Үстинги бөлимин ызғар өткермейтуғын қурылыс материаллары менен бекитиў усыныс етиледи. Қәбир үстине имарат қурыў, отырыў, уй қылыў, басып жүриў, таҳарат алыў көгерип турған шөплерди жулыў ямаса шарўа малларын отлатыў мәкириў ислерден саналады. Қәбир тасын орнатыў ҳәм мәйит ҳаққында қандай да бир зәрүрли мағлыўматларды жазып қойыўға айырым уламалар мүмкин, деп пәтўа берген.

***«Қозихон», «Оламгирия»***

**Түсиник:**

*Мақбара тиклеў, қәбир тасын қойып, оған жазыўлар түсириў мәселесиндеги уламалардың тартысы, тийкарынан, әпиўайы мусылманлардың қәбирлери ҳаққында болған. Бирақ атақлы әзиз-әўлийелер, дүньяға танылған алым-уламалардың қәбирлери зыяратшылар руўхый тәсир алсын, кейинги әўлад ушын олардың мазарлары ибрат дереги болсын, деген мақсетте өзлери ўәсият етпеген ҳәм қәлемеген болса да, басқалар тәрепинен тикленсе, абаданлатырылса, зыяны жоқ, көп пайдалы тәреплери бар болғаны ушын руқсат берилген.*

**Шайх Абдулазиз МАНСУРдың**

**«Мың бир пәтўа»**

**китабы тийкарында таярланды.**

**«Ислам нуры» газетасынан.**